

# Libète ekspresyon, deba sivil ak konpreyansyon sou dwa w yo

06 Fevriye 2026

Chè kominote kanpis la,

Nasyon nou an ap selebre 250yèm anivèsè fondasyon l, n ap raple, yon demokrasi ki an sante depann de sikilasyon lib ide, respè pwennvi diferan yo ansanm ak sousi youn gen pou lòt. Inivèsite Maryland se yon kominote ki fonde sou valè sa yo.

Nou pran angajman pou n kreye yon anviwònman kote moun ka aprann, travay epi reyisi, tou pandan nou vize ekselans. Nou fyè paske se sa k ap pase chak jou sou kanpis nou an, kote nou investi nan moun ak nan kominote yo. Menm jan ak fòs nasyon nou an ki repoze sou divèsite sitwayen l yo, fòs kanpis nou an repoze sou divèsite kominote li a.

Kanpis inivèsite nou yo se yon seri kote moun debat sou ide yo, kote yo pataje konsepsyon, kote moun ekspri pwennvi yo epi, menmsi opinyon yo pa ale nan menm direksyon, se respè ki gide entèraksyon nou yo. Prensip sa yo esansyèl, ni pou demokrasi nou an, ni pou ansèyman siperyè a. Pou respekte epi konsève anviwònman sa a, sa mande pratik ansanm ak yon angajman anvè valè ak règ kominote a genyen.

Nan okazyon anivèsè peyi nou an ansanm ak kòmansman yon nouvo semès sou kanpis nou an, n ap bay yon seri resous ak yon seri enfòmasyon ki gen pou objektif pou sipòte respè prensip sa yo.

## **Espas Ekspresyon pou Kominote a sou Kanpis**

Kominote nou an ap ranfòse tank n ap akeyi nouvo ide ansanm ak yon divèsite pwennvi. UMD sipòte ekspresyon legal epi li ofri plizyè mwayen pou fè yo tandè vwa nou sou kanpis la.

Lè yo planifye pou òganize yon seri aktivite ekspresyon, reprezantan inivèsite a ap kolabore ak òganizatè yo pou bay yon seri konsèy, kowòdone sekirite epi ofri yon sipò gras ak yon ekip resous ki fòme. Jan sa toujou ye, sekirite kanpis la rete yon priyorite, epi polis inivèsite nou an ap evalye chak sitiyasyon nan yon kowòdinasyon kole sere ak direksyon kanpis la yon fason pou detèmine mezi sekirite ki apwopriye yo.

Espas ekspresyon ki deziye sou kanpis la, tankou McKeldin Mall ak Hornbake Plaza, yo ka rezève yo pou yon seri gwoup, kit yo entèn oswa ekstèn, kote opinyon yo ka reflete valè inivèsite a oswa reflete lòt valè. Antanke yon enstitisyon piblik, nou pa ka fè diskriminasyon sou baz kontni oswa pwennvi.

Nou ankouraje chak etidyan, pwofesè ak manm pèsonèl pou yo vizite [freespeech.umd.edu](https://freespeech.umd.edu) pou Deklarasyon sou valè libète ekspresyon nou yo epi pou direktiv konsènan diskou ki pwoteje ak sa k pa pwoteje yo, libète akademik, sivilite ak respè. Nou ankouraje tou, pou tout manm nan kominote ki estime yo te viktim anba yon seri konpòtman ki menasan oswa entimidan, anba yon seri prejije, diskriminasyon oswa tizonmay, pou yo siyale ensidan sa yo byen rapid atravè youn oswa plizyè mwayen ki endike sou sit entènèt la ki anlè a.

### **Aktivite Fòs Federal yo ak Sekirite sou Kanpis la**

Nou konprann, yon seri chanjman federal resan ak sèten evènman nasyonal ka pwovoke yon seri enkyetid lakay yon seri manm nan kominote nou an.

Tanpri, konnen nan moman an, nou pa gen okenn enfòmasyon sou aktivite Biwo Imigrasyon ak Dwàn Etazini (U.S. Immigration and Customs Enforcement, ICE), ak Biwo Enspektè Jeneral Etazini (U.S Office of Inspector General) oswa lòt ajans planifye pou yo fè sou kanpis la. Nou ankouraje w pou w revize [enstriksyon sou kanpis la nou te pataje konsènan entèraksyon ak reprezan gouvènman an](#).

UMD te toujou konn respekte lalwa epi l ap toujou respekte l.

Metè sou sa, Biwo Pwokirè Jeneral Eta Maryland (OAG) lan pwopoze yon resous, [Konnen Dwa W genyen yo](#), ki pale sou plizyè sijè, landan yo gen yon seri kesyon ki gen rapò ak imigrasyon. OAG kreye tou, yon [sit entènèt](#) konplè ki ofri yon seri resous pou sipòte kominote imigran ki Maryland lan.

Depatman Polis Inivèsite Maryland (University of Maryland Police Department, UMPD) lan swiv [direktiv OAG a pou entèraksyon ak ajans federal ki la pou fè lalwa aplike yo](#). Nou ankouraje w pou w kontakte UMPD si w gen kesyon oswa enkyetid konsènan tout aktivite ou obsève sou kanpis la.

### **Resous Siplemanntè sou Kanpis la**

Nou ankouraje w tou pou w itilize resous ki disponib sou [sit entènèt relasyon federal](#) la ansanm ak

**Entènasyon yo.** Mete sou sa, si etidyan yo gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, yo dwe kontakte **Biwo Dwayen Etidyan yo**. Anplis, **Sant Epanouyman pou Bezwen Esansyèl (Thrive Center for Essential Needs)** ofri yon sipò ijans tanporè ansanm ak yon seri sèvis sipò alontèm ki gen objektif pou reponn ak yon seri bezwen esansyèl ki nesèsè pou byennèt etidyan yo, pou santiman apatenans yo, pou reyisit akademik yo epi pou pwogrè pèsònèl yo.

### **Favorize Deba Sivilize**

UMD pwopoze divès pwogram ak inisyativ tou ki gen pou objektif, sipòte sikilasyon lib ide, angajman sivik ak dyalòg ki fèt ak respè. Egzanp:

- **Inisyativ pou Demokrasi nan Maryland** lan kontribye nan devlopman konesans ak konpetans ki pou pèmèt moun angaje yo sou baz refleksyon nan lavi sivik la, grask ak yon seri rechèch, ansèyman ak pwogram entèdisiplinè ki santre sou kominote a.
- **Sant Angajman Kominotè (Center for Community Engagement)** favorize yon seri patenarya ak kominote a yon fason pou yon ansèyman, yon rechèch ak yon seri sèvis ki santre sou enpak epi ki santre sou kominote a, pou byennèt.
- Etidyan yo ka jwenn tou, anpil opòtinite nan sa ki gen pou wè ak patisipasyon sivik epi benevola atravè biwo **Lidèchip ak Aprantisaj atravè Sèvis Kominote (Leadership and Community Service-Learning)** nan ki twouve l nan Stamp lan.
- **Sant Fòmasyon Dyalòg Entègwoup Intergroup Dialogue (InDi) Training Hub** pwopoze yon seri fòmasyon ak atelye ki fonde sou yon seri pratik ki baze sou rechèch, yon fason pou ede patisipan yo pou yo koute lòt moun malgre diferans yo, pou kominike ak anpati epi pou yo angaje yo sou yon baz refleksyon sou yon seri sijè konplèks..
- **Kowalisyon Terp pou Vòt (TerpsVote Coalition)** se yon inisyativ ki pa nan politik nan Inivèsite Maryland ki gen pou misyon, ogmante angajman sivik nan UMD nan founi yon seri resous edikatif bay kominote nou an epi nan enstitisyonnalize yon seri konpòtman vòt pozitif.
- **Pwogram Dyalòg sou Teren Antant (Common Ground Dialogue Program)** la ofri yon seri echanj estriktire, yon seri etidyan òganize, kote etidyan yo ka devlope yon seri konpetans sou dyalòg nan respè youn pou lòt sou yon seri sijè aktyèl ki konplèks.

Pwogram sa yo ofri yon seri mwayen k ap pèmèt chak nan nou angaje nou yon fason ki baze sou refleksyon, pou youn aprann nan men lòt epi pou ranfòse santiman kominote ki fè UMD youn kote, yo ka tandè chak moun epi pou tout moun santi yo byen entegre.

Mèsi pou atansyon ak respè nou youn montre pou lòt chak jou. Ansanm, n ap kontinye

favorize yon kominote inivèsitè asire, respektive epi angaje.

Lizay,

**Darryll J. Pines**

*Prezidan, Inivèsite Maryland*

*Li (Pwonon Maskilen)*

**Jennifer King Rice**

*Vis Prezidan Prensipal ak Rektris*

*Li (Pwonon feminen)*

**Georgina Dodge**

*Vis Prezidan pou Apatenans*

*Li (Pwonon feminen)*

**Patricia A. Perillo, Ph.D. '02**

*Vis Prezidan pou Zafè Etidyan yo*

*Li (Pwonon feminen)*

**Jay Rosselló**

*Vis Prezidan pou Afè Jiridik epi Konseye Jeneral*

*Li (Pwonon Maskilen)*